

# Avantaj pou Andikap Eta New York

## DEKLARASYON DWA



Workers' Compensation Board

**Si w pa an mezi pou w travay akoz yon maladi oswa chòk ki pa rapò ak travay ou,  
li posib pou w benefisyé avantaj pou andikap.**

1. Si w pa an mezi pou w travay akoz yon blesi oswa chòk, menm si li pa gen rapò ak travay ou, li posib pou w kalifye pou avantaj pou andikap (menm andikap gwo sès lakan) apati uityèm jou ou pa kapab travay la. Konpayi asirans anplwayè w la peye ou dirèkteman avantaj pou andikap yo, li pa lonje yo bay anplwayè a pou anplwayè a ba ou, sof si anplwayè w la se yon konpayi apwouve ki bay pwòp anplwaye li yo asirans. Ou kapab resevwa 50% nan kòb ou abitye touche chak semèn nan pandan 26 semèn pou pi plis lè w ap touche avantaj pou andikap. Men, montan sa a p ap depase \$170 pa semèn. An jeneral, yo kalkile salè ou touche chak semèn nan lè yo fè mwayèn montan ou te fè pandan uit (8) semèn ki vini anvan moman ou te kòmanse benefisyé avantaj pou andikap la. Anplwayè oswa sendika w la ka bay avantaj ki diferan, depi yo bon menm jan ak sa lalwa mande yo, atravè yon plan oswa akò avantaj pou andikap ki apwouve.
2. Epitou, si w itilize alafwa konje andikap ak Konje Familyal ki Peye nan Eta New York la, dire total konje ou ka pran youn dèyè lòt la pa kapab depase 26 semèn pa ane. Ou pa kapab pran Konje Familyal Peye ak konje andikap an menm tan.
3. Nenpòt doktè, podològ, chiwopraktè, dantis, enfimyè fanmsaj, oswa sikològ ki kapab sètifye andikap ou a kapab trete ou. Yo pa p garanti frè medikal ou yo, sof si anplwayè w la ak/oswa sendika w la prevwa peman frè medikal yo nan kad yon plan oswa akò avantaj pou andikap ki apwouve.
4. Anplwayè w la pa **ka** mande w voye jete dwa ou genyen pou benefisyé avantaj pou andikap. Anplwayè yo ka kolekte yon kontribusyon maksimòm ki se 60 santim pa semèn pou yo konpanse prim asirans lan (sof si kontribusyon anplis la fè pati yon plan ki apwouve). **Yo pa kapab fè diskriminasyon ni vanje kont ou paske w mande oswa pran avantaj pou andikap.**
5. Anplwayè w la oswa konpayi asirans anplwayè w la oblige kòmanse peye oswa pibliye yon **Avi pou Refi (Fòm DB-DEN)** oswa **Avi pou Rejè (Fòm DB-451)** nan espas 18 jou apre premye jou konje andikap ou a oswa apre li fin resevwa reklamasyon ou fè a, selon dat ki vini apre a. Si w resevwa **Fòm DB-DEN**, ou ap resevwa **Fòm DB-451 an tou** avèk plis enfòmasyon nan espas 45 jou apre premye jou konje andikap ou a oswa apre li fin resevwa reklamasyon ou fè a, selon dat ki vini apre a. Si apre 45 jou sa yo, ou pa resevwa avantaj yo oswa **Fòm DB-451 an**, kontakte Konsey (Konsey) Konpansasyon Travayè Eta New York la san pèdi tan nan **(877) 632-4996**. REMAK: Si w resevwa **Fòm DB-451 an** epi ou pa dakò, ou ka mande yon verifikasyon alekri bokote Konsèy la nan adres ki nan kwen dwat anba a.

### Pou depoze yon reklamasyon:

1. Chèche jwenn yon **Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Fòm DB-450)**, swa nan men Konsèy la nan lyen sa a [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov), swa nan men anplwayè w la, oswa konpayi asirans anplwayè w la.
2. Suiv enstriksyon yo pou w ranpli oswa soumèt fòm nan, ki gen ladan li pati kote anplwayè w la ak pwofesyonèl swen sante w la dwe ranpli.
3. Soumèt fòm nan bay konpayi asirans anplwayè w la nan espas 30 jou apre premye jou konje andikap ou an. Si yo pa peye reklamasyon w lan lapoula, kontakte anplwayè w la oswa konpayi asirans li an lapoula. Si w depoze reklamasyon w lan an reta, li posib pou w pa resevwa peman pou yon peryòd andikap ki rive plis pase de (2) semèn anvan dat ou te depoze li an. Si w an reta lè w ap depoze reklamasyon an, l ap akseptab si w kapab pwouve ou pa t kapab depoze li pi bonè. Si w rete tann plis pase 26 semèn apre w vin genyen andikap la oswa apre w fin retounen nan travay, ou p ap resevwa okenn avantaj.

**Pinga ou mete nan tèt ou anplwayè w la te depoze yon reklamasyon nan non ou; se ou menm ki pou depoze yon reklamasyon.**

Remak: Si se yon aksidan machin ki lakan andikap ou a, epi ou depoze yon reklamasyon pou avantaj san responsabilite, **fòk ou** depoze yon **Fòm DB-450 tou** pou resevwa avantaj pou andikap yo. Si w pa mande avantaj pou andikap, konpayi asirans san responsabilite a ka redui peman w yo san responsabilite.

**ENPOTAN:** Nan ka sa yo, si w pa gen dwa pou benefisyé avantaj pou andikap, mete konpayi asirans san responsabilite a okouran lapoula.

**POU W KA JWENN YON FÒM REKLAMASYON OSWA RANPLI LI, OSWA POU POZE LÒT KESYON SOU AVANTAJ  
POU CHÒK OSWA MALADI KI PA GEN RAPÒ AK TRAVAY OU, RELE NAN **(877) 632-4996**. YON REPREZANTAN  
KONSEY LA AP EDE OU.**

Enfòmasyon yo se yon prezantasyon senplifye pou dwa ou yo jan Seksyon 229 nan Lwa sou Konje Andikap ak Konje Familyal Peye a mande sa. Konpayi asirans avantaj pou andikap anplwayè w la se:

SE PREZIDAN KONSEY KONPANSASYON  
TRAVAYÈ A KI BAY LI  
NYS Workers' Compensation Board  
Disability Benefits Bureau  
PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

**WCB.NY.GOV**